

Patisipasyon nan rechèch se yon chwa li ye

Lè w rantre nan yon etid rechèch se yon desizyon pèsònèl ki enpòtan. Anvan w rantre, chèchè yo pral pale avèk ou sou objektif etid la, ak sou risk ak avantaj ki ka genyen yo. Y ap eksplike tou règleman yo suiv pou pwoteje sekirite w ak vi prive w. Mande yo ede w si w pa konprann yon bagay oswa si w genyen kesyon.

Ou pa janm dwe santi w prese oubyen ke yo ba w presyon pou w pran yon desizyon. Patisipasyon nan yon etid rechèch konplètman volontè – se chwa pa w li ye.

Aprè w fin konprann etid la, ou ka dakò pou w patisipe lè w siyen yon dokiman ki rele "fòmilè konsantman eklere." Ou ka chanje lide w nenpòt lè, pou nenpòt rezon, menm apre w fin siyen.

Risk ak avantaj etid rechèch

Etid rechèch eseye reponn kesyon yo poko janm poze oparavan. Akòz repons yo enkonni, ka genyen kèk risk. Yon medikaman, aparèy, tretman, oswa pwosedi eksperimental ka pa pi bon pase medikaman, aparèy, tretman, oswa pwosedi y ap itilize aktyèlman nan swen sante. Etid la kapab lakòz efè segondè tou ke chèchè yo pa konnen anpil sou yo.

Anplisdesa, chèchè yo swete ede moun alavni. Kidonk ou ka pa jwenn avantaj dirèk lè w patisipe nan yon etid. Anvan w dakò pou w patisipe nan yon etid rechèch, se pou w konprann risk ak avantaj potansyèl yo.

Kesyon pou w poze

Se dwa w pou w poze kesyon sou etid rechèch la. Pi ba a gen yon lis kesyon ou ka vle poze anvan w dakò pou w patisipe nan yon etid.

- > Ki diferans ki genyen ant pwosedi nan etid sa a ak swen sante mwen resevwa pou bezwen pèsònèl mwen yo?
- > Poukisa y ap rekòmande mwen pou etid rechèch sa a?
- > Kisa chèchè yo atann de mwen nan etid sa a?
- > Èske mwen bezwen nenpòt nan medikaman/aparèy/tretman/pwosedi etid la nan kad swen sante mwen? Oubyen èske y ap ede chèchè yo reponn yon kesyon syantifik?
- > Èske medikaman/aparèy/tretman/pwosedi etid la, ap ede m santi m pi byen? Èske l ap geri maladi oswa kondisyon mwen an?
- > Ki risk ak avantaj potansyèl ki genyen lè m rantre nan etid la?
- > Èske se pou m kontinye al wè pwofesyonèl swen sante m yo pandan etid la?
- > Èske ekip etid la ap genyen aksè nan dosye medikal mwen yo?
- > Èske medikaman/aparèy/tretman/pwosedi y ap etidye a ap disponib pou mwen apre mwen fini ak etid la?



Rechèch Medikal

KI DIFERANS KI GENYEN ANT RECHÈCH MEDIKAL AK SWEN SANTE?



Patisipasyon nan rechèch se chwa pa w li ye. Enfòmasyon w. Poze kesyon. Jwenn repons.

Amelyore swen sante pou lavni se objektif rechèch medikal. Rechèch medikal ede doktè ak chèchè yo aprann sou swen sante imen ak maladi. Yo aprann tou lòt fason pou yo anpeche epi trete maladi. Patisipe nan rechèch medikal pa menm ak resevwa swen sante. Genyen plizyè diferans enpòtan pou w konprann.

Materiyèl sa a se travay New England Research Subject Advocacy Group (Gwoup Defans pou Sijè nan Rechèch nan New England), ak kontribisyon inivèsite ki afilye yo ak sant swen sante akademik nan entitisyon manm yo. Pou plis enfòmasyon al gade nan: <http://catalyst.harvard.edu/regulatory/language.pdf>

Kesyon? Rele nou nan



Bwochi sa a genyen enfòmasyon jeneral pou objektif edikatif epi li pa fèt pou founi konsèy medikal. Pale ak pwòp doktè w oswa ak ekip chèchè a pou konsèy sou sityasyon pèsònèl ou ak enkyetid sou swen sante w yo.

Kisa swen sante ye?

Kenbe w ansante se objektif **swen sante**, ke yo rele swen medikal tou. Lè w vizite pwofesyonèl swen sante w la, tankou yon doktè, dantis, enfimyè, nitrisyonis, fizyoterapet, oswa lòt pwofesyonèl swen sante pou bezwen medikal pèsònèl ou, w ap resewva swen sante. Pwofesyonèl swen sante w la tandè enkyetid ou yo. Li fè tès pou jwenn lakòz kondisyon w nan epi trete twoub oswa maladi w la. Pwofesyonèl swen sante w la pataje rezilta tès ou yo avèk ou epi ede w konprann sa yo vle di. Nou pale sou opsyon w yo, epi pwofesyonèl swen w la ede w deside sou tretman. Lè w resewva swen sante, yo rele w yon "pasyan."

Kisa rechèch medikal ye?

Amelyore swen sante pou lavni se objektif **rechèch medikal**, ke yo rele rechèch sanità oswa rechèch klinik tou. Rechèch medikal ede doktè ak chèchè yo aprann sou sante imen ak maladi. Yo aprann tou meyè fason pou yo anpeche epi trete maladi. Si w chwazi pou w rantre nan yon etid rechèch, ou ka ede lòt moun alavni. Sepandan etid la pa nesèsman ede w ak bezwen medikal aktyèl ou yo.

Lè w rantre nan yon etid rechèch, yo ka rele w yon "patisipan nan rechèch," "sijè nan rechèch oswa etid," oubyen "volontè nan rechèch." Oumenm ak lòt patisipan nan etid yo ede chèchè yo teste nouvo medikaman, tretman, ak pwosedi eksperyman. Ou se yon pati ki enpòtan nan rechèch medikal. Chèchè yo pa t ap ka devlope nouvo fason pou anpeche, aprann sou, oubyen trete maladi ak kondisyon san èd ak patisipasyon w.

Kisa yon etid rechèch medikal ye?

Yon etid rechèch se yon gwoup aktivite ke yo fè pou reponn yon kesyon syantifik patikilye. Se pou tout etid suiv yon plan detaye. Plan an dekri ki moun ki ka patisipe nan etid la epi kisa ki pral rive. Yo rele plan sa a yon "pwotokòl."

Lè yon etid genyen moun ladann, yon gwoup ekspè ke yo rele yon "komite revizyon enstitisyonèl," ke yo rele tou yon IRB, aprann sou etid la anvan li kòmanse. Yo asire ke etid la rezonab epi san danje leplis posib pou w ka patisipe nan etid rechèch la.

Lè w rantre nan yon etid rechèch medikal, ou ede chèchè yo aprann si medikaman, aparèy, tretman, oswa pwosedi etid la yo san danje, efikas, epi pi bon pase sa ki disponib aktyèlman. Ou ka genyen maladi oswa kondisyon y ap etidye a oubyen ou ka ansante. Nan sèten etid, ou pa konnen ki tretman oswa pwosedi w ap resewva. Gendelè, chèchè yo pa konnen nonplis. Yo fè etid yo konsa pou ede reponn kesyon syantifik y ap poze a.

Ou ka vin konnen rezilta tès yo fè nan etid ou a, oubyen ou ka pa vin konnen yo. Chèchè yo pral travay pou yo pwoteje enfòmasyon etid ou a. Y ap travay tou pou yo asire ke se sèlman moun ki dwe wè enfòmasyon pèsònèl ak medikal ou ki ka wè li. Apre etid la fini, chèchè yo ka pataje rezilta yo nan yon jounal medikal oswa atik nan jounal. Sepandan yo p ap pataje enfòmasyon pèsònèl ou.

Ki diferans ki genyen ant rechèch medikal ak swen sante?

	RECHÈCH MEDIKAL	SWEN SANTE
Poukisa li fèt?	Pou reponn yon kesyon patikilye sou yon maladi, kondisyon, medikaman, aparèy oswa pwosedi ki afekte sante.	Pou ede w ak bezwen nan swen sante pèsònèl ou yo.
Yo rele ou...	Yon patisipan nan rechèch, sijè nan rechèch, sijè nan etid, oswa volontè nan rechèch.	Yon pasyan.
Ki moun ki benefisye epi kilè?	Moun alavni. Ou ka benefisye oswa ou ka pa benefisye.	Oumenm; kounye a.
Ki sètitud ki genyen nan rezilta yo?	Chèchè yo pa konnen si sa y ap etidye a pi bon oswa pi mal pase tretman aktyèl yo.	Pwofesyonèl swen sante yo ofri tretman ke yo teste. Yo aksepte yo antanke san danje epi efikas.

Poukisa pou w patisipe nan yon etid rechèch?

Ou ka chwazi pou w patisipe nan yon etid rechèch pou youn oswa plizyè nan rezon pi ba yo.

- > Ou vle ede lòt moun
- > Ou renmen fè volontarya
- > Ou vle ede chèchè devlope nouvo tretman ak medikaman
- > Ou vle ede lòt moun ki genyen menm pwoblèm medikal ak ou
- > Tretman ki disponib yo pa ede kondisyon w nan